

OTORIZASYON AK DIVILGASYON

RAPÒ LEGAL KI GENYEN ANT SANT OPERASYON AN AK DOKTÈ YO: Mwen konprann ke tout doktè k ap bay pasyan sèvis, sa gen ladann doktè pasyan an ak nenpòt espesyalis tankou yon anestezi, enfimiyè anestezi, asistan doktè ak patolojis yo se kontraktè endepandan yo ye avèk pasyan an epi yo pa anplwaye oswa ajan sant operasyon an. Pasyan an anba swen ak sipèvizyon doktè li a epi se responsabite sant operasyon an ak pèsònèl li a pou egzèkite enstriksyon doktè a. Se responsabite doktè ki pran swen pasyan an pou eksplike nati sèvis yo bay yo epi jwenn konsantman eklere pasyan an pou tretman oswa entèvansyon medikal ak operasyon yo. Nenpòt kesyon ou ta genyen konsènan entèvansyon an oswa rezilta nenpòt egzamen oswa tretman, pale sa ak doktè pasyan an.

Inisyal: _____

SÈVIS PWOFEZYONÈL: Pasyan an pral resevwa sèvis pwofesyonèl nan men chirijyen yo a epi ka resevwa tou sèvis nan men lòt pwofesyonèl swen sante pandan li nan sant la, sa gen ladann asistan doktè, anestezi pandan operasyon an oswa patoloji/laboratwa pou dyagnostik patolojik. Doktè ak/oswa laboratwa patikilye sa yo ap voye bòdwo pou sèvis sa yo apa. Lòt founisè gendwa pa gen kontra avèk konpayi sante moun ki asire a epi gendwa konsidere kòm an deyò rezo a. Nan ka sa yo kote sèvis yo te bay nan yon kote ki an deyò rezo a, sèvis sa yo ka vin gen frè anplis kote moun ki asire a ka gen responsabite pou peye anplis de nenpòt ko-asirans, dediktib ak ko-peman ki aplikab dapre kontra asirans sante pasyan an.

Inisyal: _____

OBJÈ PÈSONÈL KI GEN VALÈ: Nou dakò e konprann ke sant operasyon an pa responsab pou okenn byen pèsònèl ke pasyan te vin ak li nan sant operasyon an, sa gen ladann men pa limite ak lajan, bijou, dokiman, fo dan, linèt oswa nenpòt lòt atik la.

Inisyal: _____

AVI POSESYON BYEN DOKTÈ A NAN SAN SANT SANTE A: Mwen konprann ke doktè mwen an kapab se pwopriyete Delaware Surgery Center. Mwen konprann ke mwen gen opsyon pou chwazi yon lòt sant pou mwen ka resevwa sèvis ke doktè mwen an te òdone mwen.

Inisyal: _____

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL AK RESPONSABILITE FINANSYE: Mwen otorize Delaware Surgery Center pou pran oswa divilge rapò evalyasyon mwen yo, tretman ak nenpòt evalyasyon pou swivi pou voye bay oswa pale ak doktè yo te rekòmande mwen an, doktè ki te mande konsiltasyon an, doktè fanmi mwen an, ansanm ak nenpòt lòt founisè swen sante, lopital oswa sant pou pasyan ekstèn ke mwen te idantifye oswa pral idantifye ki gen rapò avèk ou. Enfòmasyon sa a ka nesèsè pou jwenn pou sant operasyon an ka fè yon evalyasyon bon jan kalite ak amelyore aktivite ki lye ak evalyasyon youn lòt ak/oswa rezilta evalyasyon ki lye ak aktivite a oswa transfè lopital.

Mwen dakò nan nivo sa nesèsè pou detèmine responsabite pou peman ak jwenn ranbousman, sant sante a kapab divilge pati nan dosye medikal ak/oswa finansye mwen bay nenpòt moun oswa antite ki reponsab oswa ki gendwa responsab pou tout oswa nenpòt pati nan frè sant la (sa gen ladann men pa limite ak konpayi asirans, plan sèvis swen sante oswa konpayi ki responsab konpansasyon pou travayè). Nan siyen swa kòm pasyan an oswa ajan pasyan an, mwen dakò ke dapre sèvis ki te bay la, mwen responsab pèsònèlman pou peye sant la pou tout sèvis yo, nan tarif nòmal ak kondisyon sant la nan ka kote konpayi asirans mwen ta refize peye. Mwen responsab nenpòt dediktib oswa ko-peman ki poko peye nan moman yo te bay sèvis yo. Si yo ta rekòmande kont sa bay nenpòt avoka oswa ajans rekouvremant pou fè rekouvremant lajan, mwen dwe peye tout frè avoka yo ak depans pou rekouvremant yo an rapò ak sa, si li pa posib pou fè rekouvremant an apati kont pasyan an. Mwen responsab pou peye sant la enterè sou tout balans ki pa te peye nan tarif maksimòm nan jan lalwa otorize sa. Mwen sètifye nan dokiman sa ke enfòmasyon mwen te bay nan aplikasyon pou peman dapre Tit XVIII ak XIX lwa sou sekirite sosyal la oswa ke nenpòt lòt moun ki responsab pou peye, yo kòrèk. Mwen bay Sant Operasyon an tout benefis ke yo te ban mwen dapre kondisyon regleman ak pwogram sa yo men ki pa depase frè nòmal sant la pou sèvis ki parèy yo. Mwen otorize peman benefis medikal yo bay sant operasyon an pou sèvis yo te bay yo.

Inisyal: _____

DIREKTIV ALAVANS/TESTAMAN: Delaware Surgery Center, LLC se yon sant operasyon pou pasyan ekstèn kote se sèlman kèk entèvansyon ki chwazi ke yo fè. Nou sipoze ke tout pasyan yo dakò mezi pou fè reanimasyon total yo depi yo siyen konsantman pou operasyon sa. Pasyan yo pa oblije gen yon Direktiv Alavans, sepandan, si ou gen yon Direktiv Alavans, y ap mande ou yon kopi epi si w bay li, y ap mete li nan dosye medikal ou nan jou operasyon an. Mwen konprann ke nan sitiyou ki menase lavi mwen, y ap pran mezi dijans/reanimasyon. Pasyan an pral transfere nan lopital ki pi pre a si sa nesèsè. Y ap voye yon kopi Direktiv Alavans la avèk pasyan an nan ka ta gen yon transfè.

Fòm ofisyèl Direktiv Alavans Eta Delaware la disponib sou demann oswa ou ka telechaje li sou:
www.dhss.delaware.gov/dsaapd/advance1.html **Inisyal:** _____

VI PRIVE, DWA AK RESPONSABILITE PASYAN AN: Mwen konprann ke Delaware Surgery Center (Sant la) se yon founisè swen sante epi li ka pataje enfòmasyon sante mwen pou tretman, bòdwo ak operasyon swen sante yo. Yo te ban mwen yon kopi Avi sou Pratik Vi Prive sant la ki dekri kijan yo sèvi ak pataje enfòmasyon sante mwen yo.

Mwen konnen ke mwen gen dwa pou mwen revize Avi a anvan mwen siyen fòm sa. Jan sa deklare nan Avi a, kondisyon Avi a ka chanje men nou rezève nou dwa pou chanje kondisyon nan Avi a epi mete Avi ki revize a an vigè pou enfòmasyon sante nou deja gen sou ou epitou pou enfòmasyon nou pral resevwa alavni yo. Si nennòt dispozisyon nan Avi sou Pratik Vi Prive a chanje, y ap ban mwen yon kopi revize Avi a nan moman mwen gen lòt randevou mwen an.

Mwen ka kontakte ofisye pwoteksyon vi prive sant la, Jennifer Anderson nan 302-736-3710, si mwen gen nennòt kesyon sou Avi sa.

Mwen te refize yon kopi Avi sou Vi Prive HIPAA a ak Deklarasyon Dwa Pasyan an

Mwen te resevwa yo kopi Avi sou Prive HIPAA a ak Deklarasyon Dwa Pasyan an

Ou ka diskite de kondisyon/rezilta mwen yo avèk: _____ Sa li ye pou ou: _____

Ou ka kite mesaj konsènan kondisyon/rezilta mwen yo ak enfòmasyon ki gen pou wè ak apèl telefòn apre operasyon an.

Nan siyen fòm sa, mwen konfime e konprann tout deklarasyon ki pi wo yo.

Non: _____

Siyati: _____ Dat: _____

Reprèzantan legal pasyan an; sa li ye pou pasyan an: _____

POU ITILIZASYON DELWARE SURGERY CENTER, LLC SÈLMAN

Pa gen mwayen pou jwenn konfimasyon

Pou ranpli sèlman si nou pa te jwenn siyati. Si li pa posib pou jwenn konfimasyon pasyan an, dekri ki bon jan efò ki te fèt pou jwenn konfimasyon pasyan an epi rezon ki fè nou pa te rive jwenn konfimasyon an:

Siyati reprèzantan Delaware Surgery Center, LLC: _____ Dat: _____

Non an lèt detache reprèzantan Delaware Surgery Center, LLC:: _____